



Planèt yo

Genre: Expository Text/ Tèks Ekspozitwa



(Solèy la ak Planèt yo: Mèkiri, Venis, Tè, Mas, Jipitè, Satin, Iranis, Neptin)

Kesyon Esansyèl: Ki sa w aprann sou planèt yo?



Solèy la pa rapò a planèt yo.

Sistèm solè a konpoze ak Solèy la plis planèt yo. Planèt yo se: Solèy, Mèkiri, Venis, Tè, Mas, Jipitè, Satin, Iranis, Neptin.

Solèy la se pi gwo objè nan sistèm solè a. Solèy la pou kont li genyen

plis pase 98,3% nan total mas sistèm solè a (Jipitè prèske genyen tout rès la.) Daprè rechèch yo, Solèy la se yon zetwal òdinè.

Planèt Enteryè

Mèkiri se planèt ki pi prè Solèy. Li gen yon distans apeprè 58 milyon kilomèt. Mèkiri pa gen è. Li se planèt ki pi piti nan sistèm solè a. Li pa genyen okenn satelit natirèl

Venis se dezyèm planèt nan system sole a. Distans li se 108 milyon kilomèt. Li fè cho anpil. Li sanble avèk planèt tè nan gwosè.

Planèt tè se lakay nou. Se twazyèm planèt nan sistèm solè a. Distans li a

solèy la se 150 milyon kilomèt. Se sèl planèt yo rekonèt nan sistèm solè aki sipòte lavi. Li gen yon tanperati ki tyèd. Latè se planèt yo fè plis etid sou li. Planèt tè genyen yon sèl lalin.

Mas se katriyèm planèt nan sistèm solè a. Li se dezyèm planèt ki pi piti. Distans li se 228 milyon kilomèt. Mas preske pa gen atmosfè pou ede w trape chalè solèy la.

Planèt Eksteryè

Pi gwo planèt nan sistèm solè a se **Jipitè**. Genyen anpil moun ki vizite Jipitè men se sèl Galileo ki te rive vizite toutotou planèt la. Distans se 779 milyon kilomèt. Se planèt ki genyen plis lalin nan sistèm solè a. Yo konte apeprè 63 lalin nan Jipitè.

Satin se dezyèm planèt ki pi gwo nan sistèm solè a. Yo dekouvri 60 lalin nan planèt sa. Li vizite kat fwa deja: Pyonye II, Voyajè 1 ak 2, ak Cassini.

Iranis se setyèm planèt nan sistèm solè a. Distans li se 2.9 bilyon kilomèt. Nan lane 1986 Voyajè 2 te vizite l. Se sèl vizit sa li te jwenn tou. Li genyen 27 lalin.

Neptin se wityèm planèt nan sistèm solè a. Li nan yon distans 4.5 bilyon kilomèt. Se katriyèm planèt ki pi gwo. Neptin genyen 13 lalin.

Malerezman Plito pa youn nan planèt yo ankò.

Ativite

1. Site non planèt yo.

2. Daprè tèks la, nan ki planèt moun ap viv?

3. Kisa w aprann sou planèt yo? (kesyon esansyèl)
